# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ТОЙ ЖЫРЛАРЫНДА ИМПРОВИЗАЦИЯ ҚУБЫЛЫСЫ

**К.Г.Матимов** – *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** адабиёт, фольклор, саънат**,** импровизация, импровизатор, жиров, шоир, халқ қўшиғи.
**Ключевые слова:** литература, фольклор, импровизация, импровизатор, жырау, поэт.
**Key words:** literature, folklore, art, improvisation, improviser, zhyrau, poet.

Халық қосықларының ишинде ең жанлы халқымыз - дың турмыслық дәстүрлери менен қарысып кеткен, этнографиялық дәреклерге ийе дәстүр қосықлары (той қосықлары) үлкен орын тутады. Дәстүр қосықлары: ҳәўжар, сыңсыў, той баслаў, бет ашар ҳәм т.б. түрлери бар.

Той қосықларының ишинде бет ашар айтымлары күшли импровизациялық усыллар арқалы дөретилип келинген. Бет ашар айтымлары терең халықлық, шынлық, халық турмысы менен тығыз байланыслы дөретилип ҳәм атқарылып келинетуғын фольклорлық дөретпе болып табылады. «Бет ашардың қатып қалған бир тексти жоқ ҳәм болыўы да мүмкин емес. Себеби, ҳәр бир той берген адам басқаларға усамайды. Бурынғы дәўирдеги дәстүрий үлгилердиң өзлери де бир неше түрде айтылған» [2:102]. Демек, бет ашарды атқарыў атқарыўшылардан тәбийий шайырлық, импровизациялық уқып талап етиледи. Бундай импровизациялық уқып болмаса бет ашарды халыққа қызықлы етип атқара алмаўы ҳәм жәмәәттиң кеўил кейпиятына эстетикалық тәсир ете алмаўы мүмкин.

Ерте заманлардан бери той қосықлары ишинде бет ашар айтымлары халқымыздың турмыслық салт-дәстүрине, миллий руўхый дүньясына айланған. Той мәресиминде бет ашар айтымлары арқалы жаңа түскен келинди ағайин-туўғанға, қоңсы-қобаға, ел-халыққа таныстырыў, сол арқалы, аўыл-ел, ағайин-туўған ҳәм қурбы-қурдаслардағы айырым жөнсиз адамлардың ҳәрекет-қылўаларын (жеңил юморлық күлки менен) минеў, мийнеткеш, ақыл-парасатлы, мәрт-баҳадыр жигитлерди, гөззал қызларды, дана ел басшыларын, кәтқуда, кейўаны аналардың жемисли мийнетлерин, даналығын баҳалайтуғын халықлық минберге айланып үлгерген еди. Той қосықлары ҳәм бет ашар айтымлары өзлигин жоғалтпайтуғын, неше мың жыллардан берли халқымыздың миллий сана-сезиминиң ажыралмас руўхый мүлки болып елеге шекем даўам етип киятыр.

Той қосықларының ишинде бет ашар дәстүри үлкен театрластырылған сахналық көриниске кейип беретуғын халықлық дөретпеге айланып, халықлық педагогика, жәмийетлик қатлам ўәкиллериниң аўызбиршилигин, ел бирлигин тәмийинлейтуғын дидактикалық ой-пикирлер жәмленген импровизациялық усыллар арқалы дөретилген бир пүтин фольклорлық шығарма болып табылады. Өз гезегинде, бул дөретпе бир неше бөлимлерден ибарат болып, ҳәр бир бөлимниң өз орнына ийе тәкирарланбас көркем поэтикалық қуны көзге таслана-ды. Бет ашарда сәўлеленген (билдирилген, айтылған) көркем поэтикалық, дидактикалық ой-пикирлер, нәсиятлар, еслеўлер (дүньядан өткен ата-баба, ағайин туўған, ел ағалары ҳәм т.б.), уллы инсанлардың халықтың унамлы баҳасы, марапаты, айырым адамлардың ис-ҳәрекетлериндеги қылўалары, жөнсизлиги, кемшиликлери тек ғана келиншек ушын айтылған жеке нәсият, таныстырыў дәстүри деп емес, пүткил жәмәәт, ел-халық ушын дидактикалық, көркем-әдебий тәрбиялық дәрек деп баҳалаймыз.

Той қосықларының ишинде миллий этнографиялық дәрек сыпатында айрықша баҳаланатуғын бет ашар дәстүри бир неше бөлимлерден ибарат болып, оның кирисиў бөлиминде жаңа түскен келин менен ўақыт ҳәм мәкан, дәўир ҳәм заман бағыты, социаллық турмыс ҳаққында бир-еки аўыз сөз айтылып «аман-түўел сорасайық, амансызба келиншек?» - деп аман-есенлик соралады. Солай етип, соң нәсият айтыў бөлимине өтип, дидактикалық мазмунға қурылған бет ашар айтымы басланады.

Бир нәсият айтайын,
Өзиңе ғана келиншек,
Қосылған адамыңның,
Жанындай бол келиншек,
Ашытқан ақ бийдайдың,
Нанындай бол келиншек,
Жипектен ескен дуўтардың,
Тарындай бол келиншек. [3:44]

Бет ашар айтыўшының турмыслық тәжирийбеси, миллий руўхый дүньясы кең болғанлығы, импровизациялық таланты ҳәм поэтикалық шеберлиги нәтийжесинде усындай қосық дөретиў уқыбына ерисе алады. Бет ашар айтыўшылар турған жеринде, сол аймақтағы аўыл-ел, қоңсы-қоба, ағайин-туўған, жора-жолдасларының улыўмалық минезлемесин, сол аймақтағы халықтың социаллық жасаў жағдайларын сол заматта билип, үйренип, импровизациялық усыллар арқалы дөретип отырады. Деген менен ким болса да, қаншели турмыслық тәжирийбеге ийе болғаны менен импровизациялық қубылысты жетилистире алмаўы мүмкин. Соның ушын да, қазақ алымы Е. Исмайлов: - «…импровизация менен қосық айтыў ақынның жаратылысында, туўылыўдан бирге келетуғын қәсийет емес, бул да бурынғы дәстүрге, үйрениўге, шынығыўға байланыслы өнер» [1:27] - деп атап өткен еди.

Нәсият бөлиминен соң, келиншектиң ата-енеси, аўыл-ел бий ағалар, кәтқудалар, кейўаны аналар ҳәм ағайин-туўғанларға сәлем айтыў дәстүри менен изи даўам етеди. Буннан соң аўыл-аймақтағы қатар-қурбылар, жора-жолдаслар, дайы-жийенлер, күйеўлердиң гейде ерсили көринген қылўалары, сыртқы дене пишимлери (тулғалары), минез-қулқы бет ашар айтыўшының жеңил күлки туўдыратуғын ништерине илинеди.

Тулыпқа тыққан торақтай,
Мурынлары орақтай,
Кеўлимжай деген қайнағаң,
Оған бериң бир сәлем. [3:53]
**Және де:**
Районның сотындай,
Трактордың хотындай,
Сөйлегенде сөз бермес,
Мақтағанды шеп көрмес,
Бийбигүл деген абысын,
Оған бериң бир сәлем. [3:55]

Қарақалпақ фольклорында салт-дәстүр жырларының бет ашар дәстүри ата-бабаларымыздан мийрас болып киятырған этнофольклорлық дөретпе. Белгили поэтикалық формаға, өз музыкалық ырғағына, драмалық элементлери ҳәм атқарыўшысына, импровизациялық дөретилиўине ийе екенлиги себепли өз алдына жанр сыпатында қабыл етиў шәрт.

Мектепте бала оқытқан,
Билимниң сырын тоқытқан,
Атабай деген қайнағаң,
Оған да бериң жуп сәлем. [3:55]

Ҳәзирги заман бет ашарларының тематикалық, идеялық мазмуны кең мәнисте қолланылған болып, заманымыздың көркейип раўажланып атырған республикамыздың аўыл-қалаларына, халқымыздың барлық кәсип маманлығына арналып, олардың алға қойған мақсетлериниң орынланып атырғанлығы ҳәм кемшиликлерин ашып береди.

Той қосықларының ишинде бет ашар дәстүри толығы менен импровизациялық усыллар арқалы дөретиледи. Бет ашар айтыўшының ишки рууҳый дүньясындағы қайнап атырған толғаныслы ойларының жарыққа шығыўы усы дәстүр тийкарында пайда болады. Олардың көркем әдебий дөретиўшилик устаханасында тайын логикалық схема, поэтикалық көркем тил, көркемлеў қураллары ҳәм усыллары болады. Мине, усы схемаға өзиниң дөретиўшилик тәжирийбесинен, көркем поэтикалық дүньясынан импровизациялық усыллар арқалы атқарып шығыўға ерисе алады.

**Әдебиятлар**


1. Исмайлов Е. Ақындар, – Алматы: ҚМКӘБ, 1956.
2. Мақсетов Қ.Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис: «Билим», 1996.
3. Қарақалпақ фольклоры (көп томлык). T.V. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқларнинг қадимий ва ҳозирги жараёнидаги тўй қўшиқларининг импровизация дастури билан ижро этилганлиги сўз этилади. Қорақалпоқ фольклорида дастур қўшиқларининг бир тури «Бет ашар» (Келин салом) дастури аждодларимиздан мерос бўлиб келаётган этнофольклор оғзаки ижод намунаси. «Бет ашар» дастурининг импровизация усули билан ижод қилингани мисоллар билан баён этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится, что свадебные песни в древнем и современном процессе каракалпаков исполняются с импровизационной программой. Разновидность программных песен в каракалпакском фольклоре, программа бет ашар (келин салом) представляет собой образец этнофольклорного устного творчества, унаследованного от наших предков. На примерах поясняется создание программы «бет ашар» методом импровизации.

**SUMMARY.** The article says that wedding songs in the ancient and modern process of the Karakalpaks are performed with an improvisational program. A type of program songs in Karakalpak folklore, the program bet ashar (kelin salom) is an example of ethno-folklore oral creativity inherited from our ancestors. Examples explain the creation of the “bet ashar” program using the improvisation method.


## Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ ПОВЕСТЛЕРИНДЕ КӨРКЕМ ДЕТАЛДЫҢ ХЫЗМЕТИ
### («Уйқысыз түнлер», «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестлери мысалында)


**Қ.Ж.Сәрсенбаев –** *таяныш докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** ёзувчи, повест, бадиий детал, образ, психологизм, бадиий характер.
**Ключевые слова:** писатель, повесть, художественная деталь, образ, психологизм, художественный персонаж.
**Key words:** writer, narration, artistic detail, image, psychologism, artistic character.


Жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновтың прозасында терең мазмун бар екенлигине гуман жоқ. Жазыўшының ҳәр бир шығармасы инсанда психологиялық, философиялық ой-пикирлерди пайда етеди. Жазыўшы повестлериниң идея-тематикасы ҳәр бир китап оқыўшыны өзине тартады. Өйткени, сезимниң ҳәрекети биз шамалағанымыздай, олар улыўмалық сезимлерге жақынласқанда емес, бәлким оларға сиңдирилген сезимлик қабыллаў белгили предмет ҳәм образ дүньясын жаратыўға ҳәрекет еткенде сезиледи. Бизиң сезимлик қабыллаўымыз қаншелли раўажланған болса, бул әлем бизге соншелли гөззал болып көринеди ҳәм биз оны және де анық етип сүўретлеп бере аламыз [4:17]. Демек, жазыўшының қыялында дөреген шығарма қаншелли терең ойланған, жетилискен болса, шығарма формасы ҳәм мазмуны соншелли қурамаласады.

Түсиник әҳмийетли идеялық ҳәм семантикалық функциялардың орынланыўы ҳәм пүтин текстке сезимлиликти жүклеўи мүмкин. Түсиник функциялары психологиялық, сюжетли ҳәм түсиник бериўши болыўы мүмкин. Көркем деталь шығармада тек ғана мағлыўматларды толық жеткерип бериў ушын емес, бәлким, шығарма қаҳарманларының ишки кеширмелерин, ой-өрисин, психологиялық жағдайларын толық ашып бериўде де хызмет етеди.

Деталь – Бөлекше. Өз алдына мәниске ийе бола алмайтуғын, бирақ, образды толықтырыў ҳәм көркемлеў ушын әҳмийетке ийе болатуғын көркем шығарманың бөлекшелери. Мысалы, «Алпамыс» дәстанында Алпамыстың зинданда жатып, жаралы ғазды емлеп, қанатына хат жазып жибериўи, ямаса усы қаҳарманның Қултай сүўретине кирип тойға баратырған ҳаяллардың дастурханларын алдастырып алып, аўлақта ишиндеги нан – баўырсақларын жеп қойып пәнт бериўи ҳәм тағы басқа усылларға усаған майда бөлекшелерди көркем шығарманың бөлекшелери десек болады [2:62].

Адам баласы өз өмиринде ҳәр-қыйлы әпсаналар, әңгимелер тыңлаў арқалы недей оғыры дәртли, я оғыры қуўанышлы қайсындай ўақыялардың гүўасы бомайды дейсиз? Олардың ҳәммеси кисиниң есинде қала бергенде, онда оның өз басы бир өзине аўырлық қылып, адымдлар сүрнигип жығыла берер еди. Сол ушында «кимниң яд етиў қәбилети аз болса, ол бахытлы» деген де гәп бар (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 81-бет).

Жазыўшы Т.Қайыпбергенов өзиниң «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестин жоқарыдағы қатарлар менен бийкар басламайды. Ҳақыйқатында да, инсанның есинде ҳәмме еситкен, көргенлери қалабермейди. Ўақыттың өтиўи менен билгенлеримиздиң мәлим бир бөлеги ядымыздан шығады, орнын жаңа информациялар ийелейди. Бизиң қаҳарманымыз Периханда усындай. Оның басынан кеширгенлери инсанның санасына сыймас дәрежедеги ўақыялар болды.

Ҳаслында онша ондай емес. Ҳәр бир ўақыя терең теңиздиң түбине шөккен тас киби бас мийдиң бир шет қуўыслығында ноқат болып жазылып, ўақыттың өтиўи менен жарадардың денесинде қалып қойған қорғасын оқтың бир пытрасы киби, өзинен белги береди... (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 81-бет)

Төлепберген Қайыпбергенов өзиниң бул повестинде қаҳарман психологиясын үлкен шеберлик пенен дөретеди. Повесть қаҳарманларының арасында жүз берген ўақыялар китап оқыўшыларын ҳайран қалдырады. Палўанның ўақыттың өтиўи менен оқымыслы инсанға айланып, өзиниң ески сүйиклиси Периханның қызы Светланаға үйлениўи, буны билген Периханның ишки дүньясында жүз берген ўақыялары инсанды ерксиз таңландырады. Жазыўшының шеберлиги де мине усында. Ўақыяларды оқып отырып Перихан менен қыйналасаң. Оның тәғдирине ашынасаң.

Перихан суўық суўға жуўынған соң бираз өзине келип, төсестирип қойылған бөлмениң қапысынан ишке кирген пайытта, жайдың төрги дийўалындағы сүўретлери ҳәм олардың қатарында ийинликке кийдирилип турған күтә ескише үлгиде пишилип тигилген айдынлы көйлекти көзлери шалғаны мәттал:

- Сорым!!! – деди болғаны. Басқа тилге келмей, жазық маңлайынан бирден моншақ-моншақ тер шығып, деми қысылды да, дизелеринен ҳал кетти. Жайдың төбеси еденге түсип, едени жоқары көтерилип